



Amasezerano yo kumenyesha impinduka

Aya masezerano yerekeye uburusho bukurikira: 3SquareVT, Fuel Assistance, Reach First, Reach Up, Reach Ahead, Essential Person, amashure y'inyuma y'amashure yisumbuye (PSE).

Nimba ndonse (canke narasavye) uburusho bwa 3SquaresVT:

Ndemerewe gukora icegeranyo gisanzwe kandi ntegerezwa gutanga icegerenyo mu kiringo c'iminsi 10 inyuma y'ukwezi aho impinduka imwe muri izi zikurikira ishikiye:

- Iyo amafaranga yinjira mu muryango wanjye ashitse kuri 130% hafatiwe ku rugero rw'ubukene mu gihugu (raba ngaho inyuma igicapo ca 3SquaresVT c'amafaranga yinjira); canke
- Iyo amasaha y'igikorwa c'umuguzi co mu gihe ntarengwa kigabanutse kugeza muni y'amasaha 20 ku ndwi / amasaha 80 ku kwezi.

Nimba ndonse (canke nkaba narasavye) uburusho bwa 3SquaresVT GUSA:

Ndemerewe kugira icegerenyo gisanzwe. Raba ngaho hejuru ibisabwa mu gutanga icegerenyo.

Nimba ndonse (canke nkaba narasavye) akarusho na kamwe mu buri ngaho hejuru (havuyemwo 3SquaresVT):

Ntegerezwa gutanga icegeranyo mu kiringo c'iminsi 10 inyuma y'ivyahindutse mu muryango wanjye:

- Ingene mbayeho : ahomba, aho nsanzwe mba, abantu tubana, ingene inzu yanje ishushwa canke uwumpa ivyo gushusha inzu yanje.
- Amafaranga ninjiza : ariyongera canke akagabanuka bivuye ahantu hose: akazi gashasha canke gutakaza akazi, amasoko mashasha yinjiza amafaranga, imfashanyo y'umwana, gutegekaniriza kazoza, amafaranga yo mu za bukuru, indishi z'ubushomeri, akamari canke gutsindira bingo, guhembwa incuro imwe, iragi, canke kuriha ubwishingizi .
- Amafaranga akoresha (ukuyemwo Reach Ahead na Fuel Assistance): amafaranga yo kuraba umwana canke amafaranga yo kuraba muntu akuze canke gutanga ibirezo vy'umwana.
- Ibikoresho (ukuyemwo Reach Ahead na Fuel Assistance): kuziganya, amatungo, canke imiduga.
- Izindi mpinduka : iyo umuntu wo mu muryango wanjye aronse umwana canke yubatswe urwiwe.

Nimba ndonse (canke nkaba narasavye) Reach First, Reach Up, Reach Ahead, canke amashure ya kaminuza:

Ntegerezwa kandi kwitaba iigihe:

- Umuvyeyi w'umwana wanjye asubiye mu rugo iwanje, canke impinduka z'uko abayeho zikagira ingaruka ku mwana wanjye.
- Amafaranga yo gupanga inzu canke ibindi bijanye no mu rugo bihindutse (havuyemwo Reach Ahead).
- Amafaranga mfise mu muryango wanjye, imitahe, hamwe n'amafaranga ari muri banki yose hamwe ari 9,000 \$ canke arenga (havuyemwo Reach Ahead).

Ndatahura y'uko:

- ✦ Mu gushira umukono ku rupapuro rwo gusaba, ndahamya ko, canke naho ngahanirwa gutanga ubuhamya bw'ibinyoma, ko amakuru yatanze ku rupapuro rwo gusaba ari ay'ukuri kandi akwiye nishimikije ivyo nzi kandi nizera. Nasomye kandi ndatahura uburenganzira hamwe n'ivyo ntegerezwa ku rupapuro rwo gusaba kandi ndavyemeye.
- ✦ Ntegerezwa kumenyesha Igisata Gishinzwe abana n'imiryango, Igisata kijejwe ama serivisi y'Ubutunzi (ESD) impinduka z'uko merewe mu kiringo casiguwe aha haruguru.
- ✦ Ndashobora kumenyesha impinduka mu guhamagara ikigo kijejewe serivisi y'uburusho kuri 1-800-479-6151 canke nkarungika urupapuro rwerekana impinduka canke inyandiko yanditse mu kigo gishinzwe gusaba no gutunganya inyandiko (aho ikorera ku rupapuro rw'inyuma).
- ✦ Ntegerezwa kuvugana na ESD mu gihe noba mfise amadidane ku bwoko bw'amakuru yo kumenyesha.
- ✦ Ndatahura ko hamwe noronka ubwa mbere uburusho bwa Reach First, Reach Up, Reach Ahead, PSE, Fuel, canke 3SquaresVT kandi ntabirekuriwe, nshobora kwitegwako kubiriha.
- ✦ Nshobora gukurikiranwa kubera ubusuma, canke ibindi bihano vy'ubuyobozi, hamwe norenga aya mategeko.

Raba inyuma igicapo ca 3SquareVT cerekeye amafaranga yose winjiza.

Urasabwe kubika aya makuru mu nyandiko zawe.

Igicapo ca 3SquareVT cerekeye amafaranga yose winjiza

Mu murongo w'ibubamfu ku gicapo kiri ngaha hepfo, rondera igitigiri c'abantu kuri 3SquaresVT mu muryango wawe. Utegerezwa kubimenyesha muri ESD, nkuko vyategekanijwe ku rupapuro rwa mbere, nimba amafaranga winjiza mu rugo rwawe arenze iki gitigiri.

Mu mafaranga winjiza harimwo umushahara, akazi wikoresha, ugutegekaniriza kazozo, indishi z'ubushomeri, imfashanyo y'abana, amahera yo mu za bukuru, akamari canke gutsindira bingo, guhembwa incuro imwe, iragi, canke kuriha ubwishingizi . "Amafanga yose" bisigura imbere y'uko amakori akurwamwo.

Mu kumenyesha impinduka, urashobora guhamagara Serivisi ishinzwe uburusho kuri 1-800-479-6151, canke ukarungika inyandiko yanditse canke urupapuro rwo kumenyesha impinduka kuri:

**DCF – Igisata kijejwe ama serivisi y'ubutunzi
Ikigo gishinzwe gusaba no gutunganya inyandiko
280 State Drive
Waterbury, VT 05671-1500**

Urashobora kuronka urupapuro rwo kumenyesha impinduka mu guhamagara kuri 1-800-479-6151, canke mu kuraba kuri myBenefits.vt.gov kugira usohore urupapuro rumwe.

Uko abagize umuryango bangana	Amafanga menshi ushobora kwinjiza ku kwezi 130% ufatiye ku rugero rw'ubukene
1	\$1,473.00
2	\$1,984.00
3	\$2,495.00
4	\$3,007.00
5	\$3,518.00
6	\$4,029.00
7	\$4,541.00
8	\$5,052.00
9	\$5,564.00
10	\$6,076.00

Umunywanyi wese yiyongerako	Ongerako \$512.00
------------------------------------	--------------------------